



Pou Piblikasyon Imedya: 07/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL, GOUVÈNÈ PHIL MURPHY, GOUVÈNÈ TOM WOLF  
AK GOUVÈNÈ NED LAMONT PRAL PATAJE DONE SOU ZAM KRIMINÈL NAN  
EFÒ POU ANPECHE VYOLANS AK ZAM EPI RANFÒSE SEKIRITE PIBLIK**

*Li Pwotokòl Akò (Memorandum of Understanding, MOU) a [isit la](#).*

Jodi a Gouvènè New York Kathy Hochul, Gouvènè New Jersey Phil Murphy, Gouvènè Pennsylvania Tom Wolf ak Gouvènè Connecticut Ned Lamont te siyen jodi a yon Pwotokòl Akò pou pataje done sou zam kriminèl nan yon efò pou anpeche vyolans ak zam ak ranfòse sekirite piblik. Akò a pèmèt ajans lapolis nan New York, New Jersey, Pennsylvania ak Connecticut yo pou pataje done sou zam kriminèl atravè fwontyè eta yo pou kapab detekte, detni ak envestige krim ak zam yo, ansanm ak idantifye ak arete achtè pay yo, dilè ki sispèk yo, trafikan zam afe yo ak lòt kriminèl yo.

"Vyolans ak zam te detwi twòp lavi epi sa k ap rive timoun nou yo ak sa k ap pase nan kominote nou yo akòz vyolans ak zam pa akseptab", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou fè fas ak difikilte konplèks ke nou pa ka jere poukont nou, se poutèt sa n ap pran yon mezi enpòtan jodi a nan patenarya avèk New Jersey, Pennsylvania ak Connecticut pou anpeche vyolans ak zam nan pataje done sou zam kriminèl ant eta respektif nou yo. Patenarya sa a pral bay lapolis resous yo bezwen ak rann eta ak kominote nou yo pi sekiritè".

"Rezo trafik zam afe yo souvan angaje nan aktivite kriminèl yo ant eta yo epi pou anpeche vyolans ak zam nan kominote nou yo, nou dwe travay nan tèt ansanm kòm yon rejyon", **Gouvènè Murphy te deklare**. "Nan pataje enfòmasyon sou zam kriminèl vital avèk New York, Pennsylvania ak Connecticut, n ap ekipe ajans lapolis nou yo avèk resous ak enfòmasyon nesèsè pou analize, swiv ak detni vyolans ak zam. Apwòch ant plizyè eta nou an re-afime angajman kolektif nou ak objektif komen nou pou mete fen nan vyolans ak zam nan kominote nou yo ak ranfòse sekirite piblik nan tout rejyon nou an".

"Si ou vle redui fleyo vyolans ak zam lan, nou dwe travay avèk patnè yo nan kominote nou yo, ansanm ak eta vwazen yo, pou bese kantite zam ilegal k ap sikile ak sila yo ki itilize pou komèt zak kriminèl", **Gouvènè Wolf te deklare**. "Kolaborasyon sa a pami eta nou yo pral yon resous enpòtan pou pwoteje piblik la epi mwen fyè pou m travay avèk New Jersey, New York ak Connecticut sou objektif komen pou rann kominote nou yo pi sekiritè".

“Lè yo travay ansanm, ajans lapolis eta nou yo kapab pataje nan tèt ansanm done sou krim ak zam ki esansyèl epi dirèkteman konfwonte menas vyolans zam ak aktivite kriminèl yo”, **Gouvènè Lamont te deklare**. "Patenarya rejyonal sa a pral otorize lapolis nan chak nan eta nou yo pou pataje done pou detekte, detni ak envestige krim ak zam yo epi arete achtè pay yo, dilè ki sispèk yo, trafikan zam afe yo ak lòt kriminèl yo. Zam afe yo souvan travèse fwontyè eta a yo lè yo enplike nan krim epi Connecticut angaje pou fè patenarya ak kalite kowalisyon rejyonal sa yo pou ranfòse sekirite kominote nou yo".

Pou tout tèks Pwotokòl Akò a, klike [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)